



Zama se yon pakèt moun

Zama is great!

 Michael Oguttu

 Vusi Malindi

 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

 2

 krèyol ayisyen [ht](#) / English [en](#)



Ti frè'm leve ta. Mwen leve bonè paske'm se
yon pakèt moun!

...

My little brother sleeps very late. I wake early,
because I am great!



Se mwen ki kite solèy lan rantre nan kay la.

...


I am the one who lets in the sun.



Manman'm konn di'm "Ou se zetwal maten'm nan".

...


"You're my morning star," says Ma.



Mwen fè twalèt mwen pou kònt mwen. Mwen
pa bezwen moun pou ede'm.

...


I wash myself, I don't need any help.



Mwen fè twalèt mwen ak dlo frèt enpi savon
ble santifò.

...


I can cope with cold water and blue smelly
soap.



Manman'm fè'm sonje, "Pa bliye dan ou."
Mwen reponn li "Jamè, mwen pap janm bliye!".

...

Ma reminds, "Don't forget teeth." I reply,
"Never, not me!"



Aprè sa a, mwen abiye pou kont mwen. Mwen
di manman'm « Mwen granmoun koulyè a »

...

After washing, I greet Grandpa and Auntie,
and wish them a good day.



Lè'm fin fè twalèt mwen, mal salye
granpapa'm ak matant mwen pou'm di yo
bonjou.

...


Then I dress myself, "I'm big now Ma," I say.



Mwen kapab boutonnen rad mwen ak mare
soulye'm pou kont mwen.

...


I can close my buttons and buckle my shoes.



Enpi, mal rakonte ti frè mwen tout istwa sou lekòl lan.

...


And I make sure little brother knows all the school news.



Nan klas la, mwen fè tout sam kapab pou
mwen sòti pwemye.

...

In class I do my best in every way.



Mwen fè tout bagay sa yo chak jou men sam
pito fè nan tout se jwe... jwe... jwe!

...

I do all these good things every day. But the
thing I like most, is to play and play!



Global Storybooks


globalstorybooks.net

Zama se yon pakèt moun

Zama is great!

 Michael Oguttu

 Vusi Malindi

 ACE Haiti-University of Notre Dame USA (ht)

